



SCHOOLMESSENGER®

Aplikasyon "Messenger" Lekòl la

Chè Paran/Responsab Elèv,

Sistèm avi telefonik nou an pèmèt nou gade kontak ak paran e responsab elèv nou yo nan voye divès mesaj lekòl la ba yo, soti depi nan aktivite k'ap gen pou dewoule lekòl la pou rive nan sityasyon dijans yo.

Pou nou ka rete konekte, nou bezwen pèmision ou pou nou kontinye rele w nan sistèm SchoolMessenger nou an pou sikonstans nan lekòl la ki pa ijan.

Pou nou ka rete konekte, nou bezwen pi vit posib pou w chwazi aksepte resevwa mesaj nou yo. Malerezman, si w pa ba nou pèmision w, nou pap kapab itilize sistèm apèl mesaj otomatik nou an ankò pou nou voye mesaj ba ou.

Ou ka ba nou pèmision w nan vizite sit entènèt SchoolMessenger InfoCenter ki se <https://schoolmessenger.com/start>, epi swiv etap rapid, fasil yo.

Pou w rantre nan sistèm nan oswa pou w kreye yon kont, fè klik sou "Sign Up" (enskri non w) anlè adwat paj la.

Ou oblije genyen yon adrès email nan dosye w pou w patisipe nan demach chwazi resevwa mesaj la. Si w pat bay yon adrès email nan enfòmasyon ou te bay pou pitit ou a, kontakte biwo lekòl la pou mete dosye pitit ou a ajou.

W'ap jwenn plis enfòmasyon konsènan InfoCenter lè w vizite <https://infocenter.schoolmessenger.com/#/learn>

Gade videyo sa a pou plis enfòmasyon: <https://vimeo.com/173531877>

Mèsi paske w konekte avèk nou!

**Lekòl Piblik nan
Kanton Polk la**